

PATNÈ:

- Barrier Free Living
- The City University of New York
- Department for the Aging
- Department of Information Technology and Telecommunications
- Department of Probation
- Health and Hospitals Corporation
- Human Resources Administration
- inMotion, Inc.
- Jewish Association for Services for the Aged
- Korean American Family Services Center
- Metropolitan Council on Jewish Poverty
- Mount Sinai Sexual Assault and Violence Intervention Program
- New York Asian Women's Center
- New York City Housing Authority
- New York City Police Department
- Queens Borough President's Office
- Queens County District Attorney's Office
- Queens Legal Services
- Safe Horizon
- Sanctuary for Families
- Urban Justice Center
- Violence Intervention Program, Inc.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se yon viktim
vyolans nan kay, genyen èd ki disponib.

Nan ka ijans, rele 911
Pou lòt sèvis Vil la rele 311
Liy Dirèk pou Vyolans nan Kay nan vil Nouyòk
1-800-621-HOPE (4673)
1-866-604-5350 (TDD)

*Tout sa ki anwo a ofri asistans 24 èdtan pa jou
nan tout lang.*

LÒT RESOUS:

Liy Dirèk pou Abi ak Move Tretman sou Timoun
(Rejis Santral Leta Nouyòk)
1-800-342-3720
Elderly Crime Victims Resource Center
(NYC Department for the Aging)
212-630-1853
Liy Dirèk Imigrasyon Nouyòk
1-800-566-7636
Liy Dirèk pou Rapòtaj Krim Seksyèl ba Depatman
Lapolis Nouyòk
212-267-RAPE (7273)
Pwogram Victim Notification Everyday (VINE)
(Depatman Koreksyon Vil Nouyòk)
1-888-VINE-4NY (8463-469)
Youthline
(NYC Dept. of Youth and Community Development)
1-800-246-4646



Michael R. Bloomberg
Mayor

Helen M. Marshall
Queens Borough President

Yolanda B. Jimenez
Commissioner


Mayor's Office to Combat Domestic Violence

Richard A. Brown
District Attorney

Queens County District Attorney's Office

New York City Family Justice Center

126-02 82ND AVENUE
KEW GARDENS, NEW YORK 11415



QUEENS

Michael R. Bloomberg
Mayor

Kisa Family Justice Center ye?

New York City Family Justice Center ki nan Queens se yon sant san randevou tout moun ak timoun ki viktim nan vyolans nan kay. Pou fè li pi fasil pou ou jwenn èd, genyen anpil biwo ki nan Sant lan. Sèvis yo gratis epitou yo disponib pou tout viktim. Nou kapab ede ou kèlkeswa lang ou pale.

Lè w ap vizite Sant lan, ou kapab espere yon anviwònman sennesòf ak akeyan avèk sèvis ak sipò pou chak moun apa. Nan premye vizit ou nan Sant lan, w ap rankontre avèk yon espesyalis kliyan k ap pale avèk ou osijè sèvis ou kapab bezwen. Answit, espesyalis kliyan an ap asosye ou avèk yon travayè sosyal k ap reprezante gid ou nan Sant lan.

Sant lan chita nan yon bilding ki genyen sekirite pou asire pwoteksyon ou. Ou ta dwe ale nan biwo sekirite espesyal Family Justice Center ki nan lòbi a pou anrejistre. Answit, y ap mande ou pou pase nan yon detektè metal anvan ou antre nan Sant lan. Tanpri pote pyès idantifikasyon ki genyen foto ou ladan.

TOUT MOUN gen dwa pou viv nan yon kay kote yo santi yo sennesòf. Ou pa poukont ou. New York City Family Justice Center la pou ede ou.

ADRÈS AK KOTE POU FÈ:

126-02 82nd Avenue nan Queens Boulevard (bò nò a), Kew Gardens

TREN: Pran tren F oswa E pou rive nan Kew Gardens/Union Turnpike. Itilize sòti "Court House/North Side" epi mache alès sou Queens Boulevard pase Queens Borough Hall. Vire agòch sou 82nd Avenue – Sant lan sou bò lès ri a.

OTOBIS: Pran otobis Q10, Q37, Q46, Q60, ak Q74, yo tout rete toupre Sant lan.

VWATI: Pran Grand Central Parkway bò lès a pou rive nan sòti Queens Boulevard. Oswa pran Van Wyck Expressway; si w ap kondi osid, sòti nan Union Turnpike; si w ap kondi onò, sòti nan Queens Boulevard.

ORÈ FONKSYÒNMAN:

Lendi jiska Vandredi 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m.

Family Justice Center se yon sant kote ou kapab vini san randevou. Si w retounen pou sèvis kontini, ou ta dwe pran yon randevou swiv, (718) 250-5111.

Kouman Family Justice Center kapab ede mwen?

JESYON DOSYE Ou kapab rankontre avèk yon travayè sosyal pou diskite sou fason pou rete sennesòf epitou pou konnen sèvis Sant lan kapab ede ou.

KONSÈY Genyen konsèy ki disponib pou ou ak pitit ou yo. Konsèy ak sipò endividyèl ak an gwoup disponib nan Sant lan.

ENFÒMASYON LEGAL Avoka ak paralegal disponib pou pale avèk ou konsènan pwoblèm legal tankou lagad timoun, vizit ak imigrasyon.

LAPOLIS Ofisye Prevansyon Vyolans nan kay nan Depatman Lapolis vil Nouyòk nan Sant lan ap ede ou rapòte yon krim oswa bay enfòmasyon pou ou konsènan fason lapolis kapab ede ou rete sennesòf.

PWOBASYON Yon Ofisye Pwobasyon kapab ede ou si moun k ap fè w mal la sou pwobasyon nan moman an.

POUSWIT LAJISTIS Biwo pou Vyolans nan Kay Biwo Pwokirè Jeneral la chita nan Sant lan epitou l ap travay avèk ou paske vyolans nan kay se yon krim epitou li kapab reponn nenpòt kesyon ou kapab genyen sou sistèm jistis kriminèl.

CHILDREN'S ROOM, MARGARET'S PLACE Timoun ou yo ki genyen laj 3 zan oswa plis kapab jwe nan Children's Room pandan w ap jwenn èd nan Sant lan.

SÈVIS POU ABI SOU GRANMOUN AJE Travayè sosyal, avoka ak pwokirè distri a yo la pou ede ou si ou fè eksperyans abi sou

SÈVIS POU VIN ENDEPANDAN Kouwòdonatè Endepandans kapab ede jwenn enfòmasyon sou asistans letan, fòmasyon pou jwenn djòb ak pwogram

SIPÒ ESPIRITYÈL Volontè lidè lafwa nan Sant lan pou ofri ou sipò.

Fason pou rete Sennesòf

Si ou viktim abi, etap sa yo kapab ede ou rete sennesòf:

- Rele 911 si ou an danje oswa si patnè ou fè ou mal.
- Montre pitit ou fason pou yo itilize telefòn pou yo rele lapolis epitou pou yo ale yon kote ki sennesòf pandan yon ensidan vyolan.
- Idantifye yon kote ki sennesòf pou ale sizoka yon ijans, tankou yon biwo lapolis zòn ou.
- Fèmen tout fenèt ak pòt lannwit ak lè ou kite lakay ou.

Fè lekòl/gadri pitit ou yo konnen kimoun ki genyen pèmision pou vin chèche yo.
- Mande pou chanje nimewo telefòn ou an yon nimewo ki pa nan anyè.
- Kite adrès kay ou an sekre, si sa posib, pou pa fè delenkan an konnen kote w ap viv.
- Pa sòti poukont ou.
- Chanje wout kote ou pase pou ale ak sòti nan travay.
- Si sa posib, fè yon moun verifye apèl telefonik ou yo nan travay, mande pou yo chanje nimewo telefòn ak imèl biwo ou, epi chanje orè ou.
- Sizoka ou bezwen konje vit, ou ta dwe:

Rasanble dokiman enpòtan sa yo:

- Paspò/Grinkat/Pèmi Travay
- Kat Sekirite Sosyal/Batistè
- Detay kont labank/Papye kay/Papye lwaye
- Lòd pwoteksyon
- Lòd pou lagad timoun/lòd pou vizit
- Sètifika maryaj
- Kat vaksinasyon timoun/dosye lekòl
- Address book and a calling card

Fè yon valiz avèk lajan, kle siplemantè, rad, medikaman, ak do kiman enpòtan – kite li yon kote sennesòf oswa avèk yon moun ou fè konfyans.